



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ
REZISTANS KONT INONDASYON NAN VILAJ CLAYTON NAN KONTE
JEFFERSON**

2.55 milyon dola pou ogmante Riverwalk ak pwoteje biznis lokal yo kont dega inondasyon alavni

Prèske 2.5 milyon dola nan sibvansyon pou ranplase ak rekonstwi waf ki andomaje yo epi amelyore aksè pou navigatè lwazi yo

975,000 dola pou amelyore waf Vilaj yo pa Veterans Memorial Monument, pwomote sekirite piblik

250,000 dola pou pwoteje ak estabilize Waf Rejyonal Frink Park, yon pwen aksè enpòtan pou gwo moto maren

Nan Kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon seri pwojè rezistans kont inondasyon nan Vilaj Clayton, Konte Jefferson. Kat pwojè yo te resevwa prèske 6.3 milyon dola nan finansman sibvansyon atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario Eta a. Yon fwa yo fini, pwojè ke REDI finanse sa yo pral ede bese enpak pwochen evènman gwo dlo yo epi amelyore rezistans bò litoral la.

"Investisman jodi a nan pwojè transfòmasyon sa yo sou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo enpòtan anpil pou ede asire byennèt kominote bò litoral nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Pwogram REDI a, n ap travay kole ak gouvènman lokal yo pou adrese menas inondasyon alavni yo epi bese efè chanjman klimatik yo. Yon fwa yo fini, amelyorasyon sa yo pral ankouraje devlopman ekonomik, ankouraje aktivite touristik, epi kenbe destinasyon popilè sa a an sekirite epi aksesib pandan gwo dlo yo - pou asire ke Vilaj Clayton rete yon kominote pwospere pou rezidan yo ak vizitè yo."

An 2019, Rivyè St. Lawrence te anrejistre nivo dlo ki te wo anpil ki te lakòz inondasyon devastatè toupatou nan kominote yo ki sou litoral rivyè a. Evènman sa yo te lakòz degradasyon enfrastrikti piblik yo ak restriksyon pou itilizasyon piblik destinasyon touristik popilè yo tankou Riverwalk, sa ki te gen yon enpak negatif sou sekirite piblik ak ekonomi lokal yo. Pwojè sa yo pral adrese enfrastrikti ki riske yo epi ranfòse devlopman ekonomik nan Konte Jefferson.

Komisyon REDI te bay Vilaj la plis pase 8.6 milyon dola pou yon total senk pwojè. Senkyèm pwojè rezistans yo akòde a, amelyorasyon Izin pou Koleksyon ak Tretman Dlo Ize nan Vilaj Clayton, te kòmanse konstriksyon an 2021 epi travay la ap pwogrese. Anons jodi a gen ladan:

- **Riverwalk, 2,554,000 dola:** Riverwalk, ki sitiye nan Rivyè St. Lawrence, te vin tounen yon destinasyon popilè pou vizitè ak rezidan yo, ki konekte divès atraksyon ak biznis lokal nan distri komèsyal anba lavil la. An 2019, nivo rivyè elve yo ak aksyon vag ekstrèm yo te lakòz domaj inondasyon nan seksyon yo nan Riverwalk la. Pwojè sa a pral ede bese konsekans pwochen evènman gwo dlo yo atravè enstalasyon yon promenad ki eleve anwo estrikti ki egziste a.
- **Crib Dock nan Waf Lansman Bato nan Mary Street la 2,489,000 dola:** Gen de waf ki egziste deja nan Mary Street. Waf prensipal la nan Mary Street bay vizitè yo ak rezidan yo espas anbakaj esansyèl. Waf la popilè ak touris epi li pèmèt vizitè yo jwenn aksè ak boutik, mize ak restoran lokal yo nan kominote a. Waf Lansman Bato Ki pi piti nan Mary Street la ede navigatè yo lanse bato lwazi yo nan ranp bato a. Akòz evènman inondasyon yo, tou de estrikti yo te sibi gwo domaj, sa ki afekte estabilite waf yo yon fason negatif epi ki anpeche aksè pou navigatè lwazi yo. Efò rezistans nan pwojè sa a pral gen ladan ranplase Waf Lansman Bato pa yon nouvo waf flotan ak rekonstwi Waf Prensipal la nan yon altitud ki pi wo.
- **Village Docks by Veterans Monument, 975,000 dola:** Village Dock ak Veterans Memorial Monument popilè ak vizitè yo ak touris yo paske li pèmèt aksè dirèk nan Riverwalk ak biznis lokal yo. Village Dock ki egziste deja a te enstale an 1996 epi li gen ladan de yon waf flotan an bwa ak yon sistèm ankraj. Gwo dlo ak aksyon vag ki koresponn lan menase fonksyonalite alavni Village Dock la sou Riverwalk toupou Veterans Memorial Monument lan. Pwojè sa a pral gen ladan ranplase atenyatè vag flotan ki egziste deja, bay pwoteksyon kont aksyon vag ekstrèm.
- **Frink Park Regional Dock (Waf Rejyonal Frink Park), 250,000 dola:** Waf Rejyonal Thousand Islands, ki sitiye sou litoral rivaj la toupou Frink Park nan anba lavil Clayton, se yon pwen aksè enpòtan pou kominote a kòm yon Pò Antre 105c ke Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security) Ameriken ak Gad Kòt Ameriken (U.S. Coast Guard)

an sètifye. Waf la ka akeyi bato, yatch, remokè, ak bato kwazyè ki wo. Li enpòtan pou waf sa a rete ouvè ak aksesib. Domaj inondasyon yo enkli lavaj pave aterisaj yo. Mezi alèjman pou pwojè sa a genyen ladan yo sele vid ki genyen ant miray palplanch ki egziste deja a ak fon rivyè a pou pwoteje miray klwazon an epi anpeche ewozyon ranblè ki dèyè miray la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Pwojè apre pwojè, Pwogram REDI a ap fè yon enpak pozitif nan pwomouvwa devlopman ekonomik nan rejyon an, pwoteje sante piblik, pwoteje abita natirèl yo, ak fòtifye rivaj yo kont menas domaj inondasyon yo. Avèk sipò san fay Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York ap asire ke Clayton ak lòt kominote ki sou rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo pral pi byen prepare pou pwochen evènman gwo dlo yo."

Sekretè Deta New York la, Robert Rodriguez, te deklare, "Li enpòtan anpil pou nou fè tout sa nou kapab pou pwoteje kominote nou yo kont devastasyon inondasyon an te koze. Pwojè enpòtan sa yo pral amelyore sekirite ak kalite lavi jeneral pou rezidan yo, amelyore rantabilite pou biznis ak aktivite touristik yo, ede asire entegrite estriktirèl litoral la ak amelyore preparasyon pou kont kalamite gwo dlo alavni yo."

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Clayton se yon jwayo nan Thousand Islands ki nan dènye ane yo, ap kontinye fè amelyorasyon pou atire nouvo rezidan, biznis, ak touris nan Vilaj la. Dènye amelyorasyon sa yo pral non sèlman ede pwoteje Clayton kont evènman gwo dlo alavni, men tou fè li pi fasil pou moun yo jwi bèl Rivyè St. Lawrence lan. Mwen kontan Eta New York ap fè envèstisman enpòtan sa yo epi mwen espere wè ki jan pwojè sa yo amelyore davantaj Vilaj Clayton."

Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare, "Rejyon nou an te wè konsekans gwo dlo ka genyen sou pwopriyete pwopriyete yo ak ti biznis yo sou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence, sa ki pwouve poukisa envesti nan yon enfrastrikti solid, fyab se kle pou yon ekonomi ak yon kominote fleksib. Pwojè REDI sa yo nan Vilaj Clayton se egzanz pafè sou fason pou rebati pi entelijan epi pou w prepare pou goumen kont nenpòt evènman ki gen gwo dlo alavni yo."

Prezidan Konte Jefferson lan, William Johnson, te deklare, "Konte Jefferson te wè Pwogram REDI a fè yon enpak pozitif nan kominote bò litoral yo, epi nou rekonesanavè Eta New York pou sipò ak patenarya kontinyèl li pou asire ke rejyon nou an retabli, epi moun ki renmen vizite kominote nou yo ka kontinye fè sa, epi kontinye fè sa pou ane k ap vini yo."

Majistra Vilaj Clayton lan, Norma Zimmer, te deklare, "Vizitè ki soti toupatou nan peyi a vwayaje nan Vilaj Clayton pou yo jwi tout sa kominote nou an gen pou ofri, tankou navige ak lapèch sou bèl Rivyè St. Lawrence lan. Atravè REDI, nou pral amelyore ak sekirize enfrastrikti litoral enpòtan pou menm nan tan gwo dlo yo, itilizasyon rivaj la p ap antrave."

Sipèvizè Vil Clayton lan, Lance Peterson, te deklare, "Pandan pwojè REDI Vilaj Clayton yo ap kòmanse, Vil la ta renmen felisite Vilaj la. Travay di, detèminasyon, ak yon gwo patenarya ak Eta New York te pèmèt pwojè enpòtan sa yo reyalize."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 64 pwojè nan faz konsepsyon, 29 pwojè nan faz konstriksyon ak 41 pwojè ki fini.

Pwogram REDI Eta a te enkli yon Pwojè Dragaj Rejyonal 15 milyon dola, yon efò pou bay yon apwòch global ak bezwen dragaj aktyèl yo pou kanal navigasyon pò yo ki itilize prensipalman pou navigasyon rekreyatif ak refij. Dragaj la retire sediman nan fon vwa navigab yo pou pèmèt yon pò ki san danje ak pasaj bato kontinyèl. Atravè de premye faz yo, Eta a te abòde dragaj antretyen nan 20 kanal navigasyon pò yo, ki fini kounye a. Pandan faz III, ki prevwa fèt nan fen ete a, Eta a pral fè tranzisyon jesyon pwogram lan bay Konte yo epi bay enfòmasyon yo bezwen pou mete ajou, elaji ak aplike Plan Jesyon Dragaj Rejyonal la pou kenbe kanal yo operasyonèl nan ane k ap vini yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418